



Gid Resous sou COVID-19 pou Moun New York

COVID-19

Rete lakay ou si ou malad. Sòti sèlman pou swen ak tès medikal esansyèl oswa pou lòt komisyon esansyèl yo.

Kenbe distans fizik. Rete ak yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo.

Kenbe men ou pwòp. Lave men ou souvan avèk savon ak dlo. Sèvi ak dezenfektan pou men abaz alkòl si savon ak dlo pa disponib.

Mete yon kouvèti pou figi. Ou kapab kontajye san ou pa gen sentòm. Mete yon kouvèti pou figi pou pwoteje moun ki antoure ou yo. Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/facecoverings.

Tès pou COVID-19: Vizite nyc.gov/covidtest oswa rele 844-692-4692 pou jwenn yon sit tès nan katye ou a. Anpil sit yo ofri tès gratis.

Pwogram otèl pou COVID-19: Si ou genyen oswa gendwa genyen COVID-19 epi separasyon ak lòt manm fanmi an pa posib, ou gendwa kalifye pou ou rete nan yon otèl, san peye. Vizite nyc.gov/covid19hotels oswa rele 844-692-4692 pou founisè swen sante ka evalye ou.

Konje maladi ak familyal pou anplwaye: Anplwaye NYC yo gen dwa legal pou konje peye ak konje san peye, gen ladan nouvo dwa yo ki gen rapò ak COVID-19. Ou kapab pran konje san peye ak konje peye, depandan de sikonstans ou a ak kalite anplwayè ou a, pou pran swen tèt ou oswa manm fanmi ou ke COVID-19 la afekte. Aprann plis nan access.nyc.gov; oswa rele 855-491-2667 pou resevwa èd.

Pou plis enfòmasyon: Vizite nyc.gov/health/coronavirus

Sipò Finansye

ACCESS NYC (AKSÈ NYC) ede Nouyòkè yo idantifye ak aplike pou avantaj ki elijib yo. Gen plis pase 30 pwogram ke ou menm oswa fanmi ou ka elijib pou yo kèlkeswa estati imigasyon ou epi menm si ou deja ap resevwa avantaj yo oswa ou nan travay. Rele 718-557-1399 oswa vizite access.nyc.gov.

Liy dirèk pou asistans tanporè ak andikap Eta New York la (NYS): Rele 800-342-3009.

Depoze aplikasyon pou asistans pou chomaj: Rele 888-209-8124 oswa vizite ny.gov/services/get-unemployment-assistance.

Mande asistans pou antèman: Rele 718-473-8310 mèkredi, 9 AM rive 5 PM, oswa vizite nyc.gov/site/hra/help/burial-assistance.page.

Mande yon aparèy pou aprantisaj adistans nan lekòl timoun ou an: Vizite schools.nyc.gov/learn-at-home/ipad-distribution.

Konsèy finansye fas a fas gratis: [Vizite nyc.gov/talkmoney](https://nyc.gov/talkmoney).

Prevansyon kont eviksyon: Sèvis legal gratis disponib pou kèk moun ki gen revni fèb ki bezwen asistans. Rele 212-577-3300 oswa vizite nyc.gov/site/hpd/services-and-information/eviction-prevention.page.

Asistans pou klimatizasyon: Vizite bit.ly/CoolingAssistance pou verifye si ou elijib pou resevwa asistans pou achte ak enstale yon klimatizè oswa vantilatè pou ede kenbe lakay ou fre.

Swen Sante

Pou ijans yo, rele 911.

COVID-19 oswa lòt bezwen medikal yo, rele:

- Doktè ou
- Sant swen prensipal pou kòd postal ou a
- 844-692-4692

Swen sante adistans oswa swen an pèsòn disponib.

Swen san randevou adistans 24/24, 7/7:

"CityMD" ofri swen ijan pa mwayen sante adistans 24 sou 24, 7 jou sou 7. Pou confime kouvèti asirans, vizite citymd.com/virtualcare.

Sit swen sante ki ouvri pandan COVID-19:

Vizite hitesite.org pou chèche pou lòt sit toupre ou.

Asirans Sante: Anpil plan asirans sante bon mache rive nan gratis disponib atravè Mache Asirans Sante Eta New York. Pran yon randevou avèk yon Konseye Aplikasyon ki Sètifye (Certified Application Counselor) nan rele 311, lè ou voye "CoveredNYC" bay 877-877 pou sèvis an Anglè, lè ou voye tèks "SeguroNYC" bay 877-877 pou sèvis an espanyòl, oswa vizite nyc.gov/site/doh/health/health-topics/health-insurance.page.

Sante mantal: NYC Well bay sipò sante mantal konfidansyèl, gratis, 24 sou 24, 7 jou pa semèn (24/24, 7/7). Pou pale ak yon konseye:

- Rele 888-692-9355
- Diskite nan nyc.gov/nycwell

Chèche resous pou sante mantal ak itilizasyon sibstans yo nan nycwell.cityofnewyork.us/en/find-services.

Èd pou peye pou medikaman:

- Kat Preskripsyon (Rx) New York: Rele 877-321-6755 oswa vizite newyorkrxcard.com.
- NeedyMeds: Rele 800-503-6897 oswa vizite needy meds.org. Disponib an Anglè ak Espanyòl.
- RxAssist: Vizite rxassist.org.
- American Diabetes Association (Asosyasyon Ameriken pou Dyabèt) Vizite insulinhelp.org.

Resous pou Manje

Pou tout kalite asistans pou manje yo, rele 311 epi di "GetFood" (Jwenn manje). Voye mesaj tèks "FOOD" (MANJE) bay 877-877 pou jwenn lekòl piblik NYC ki pi pre a pou pran manje pou tèt ou ak manm fanmi ou yo, oswa vizite nyc.gov/getfood pou enfòmasyon sou bank manje ki pre oswa pou detèmine elijibilite pou livrezon repa gratis.

Asistans pou manje nan ka ijans: Rele 866-888-8777 oswa 311.

Liy asistans pou grangou: Rele 866-348-6479 (Anglè) oswa 877-842-6273 (espanyòl).

SNAP/Koupon Alimantè: Rele 718-557-1399 oswa vizite access.nyc.gov pou konnen si ou elijib ak pou enskri.

Angajman Sivik

Kontak Manm Konsèy Vil ou a: Ou ka genyen èd anplis lè ou antre an kontak avèk biwo manm Konsèy Vil ou a. Pou jwenn pa ou la, vizite council.nyc.gov/districts.

Ranpli resansman ou lan: Rele my2020census.gov, rele 844-330-2020 oswa voye fòm papyè a pa lapòs si ou resvwa youn. Konte TOUT MOUN kap viv avèk ou pou ou jwenn pati pa ou la, gen ladan envite ki pa vin rete yo, tout timoun yo, moun ki pa te fèt nan Etazini yo, manm fanmi yo, zanmi yo, kolokatè yo oswa patnè ou ki pa nan lakay kontra lwaye yo.

Lòt Resous yo

Resous pou kominote imigran yo: Vizite gid resous pou imigran yo pandan COVID-19 lan (COVID-19 resource guide for immigrants) nan www.nyc.gov/immigrants/coronavirus. Si ou gen kesyon sou imigrasyon ak fason pou jwenn aksè ak sèvis Vil la yo, rele liy asistans Biwo Zafè Imigran Majistra (MOIA, Mayor's Office of Immigrant Affairs) a nan 212-788-7654, lendi rive vandredi soti 9AM rive 5PM oswa voye yon imèl bay askMOIA@cityhall.nyc.gov.

Resous pou kominote LGBTQ+ yo: Vizite gid Pwojè Inite NYC pandan COVID-19 (NYC Unity Project COVID-19 guide) la nyc.gov/lgbtqcovid pou jwenn pwogram ak sèvis sou afimasyon LGBTQ+ ki disponib pandan pandemi an.

Liy Asistans kont Vyolans Domestik: Pou ou jwenn èd pou fè plan sekirite, asistans legal oswa pou ou konekte ak fòs lapolis, rele Liy Asistans kont Vyolans Domestik nou an ki disponib 24/24 la nan 800-621-4673 oswa nyc.gov/site/ocdv/get-help/covid-19-update.page.

Rapòte prejije ak krim rayisans ki gen rapò ak COVID-19: Yo pa tolere rayisans ak diskriminasyon kont okenn moun sou baz ras yo, peyi orijin yo oswa lòt estati, estigmatizasyon poutèt yon moun genyen COVID-19 nan NYC. Rele 911 si ou se yon viktim oswa ou te

temwen yon krim rayisans. Ofisye NYPD yo pa poze kesyon sou sitiyasyon imigrasyon okenn moun ki ap chèche èd. Si ou te fè fas ak asèlman oswa diskriminasyon nan lojman, nan travay, oswa nan

nenpòt espas piblik, kontakte Komisyon sou Dwa Zimen (Commission on Human Rights) an lè ou rele 212-416-0197 oswa ranpli fòm lan ki disponib nan nyc.gov/StopCOVIDHate.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

7.21.20